Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан

№ 30 (7170)
31 июль 2015 с.
Рузман
Багьа 5 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

## Нилъер аслияб праздник



Гьал къоязда Шамильхъалаялъул культураялъул КIалгIаялда букIана Дагъистаналъул Конституциялъул къо кIодо гьабиялде буссараб рохалилаб данделъи. Гьеб рагьана ва районалъул жамагIаталда райадминистрациялъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадовасул цIаралдасан баркана районалъул культураялъул управлениялъул начальник ХIасан МухIамадовас.

Рохалилаб данделъиялда «Дагъистаналъул Конституция – халкъазул ихтиярал цIунулеб закон»,- абураб кIалъай гьабуна районалъул прокурор ХI. Хайчилаевас.

Праздник баркун кIалъана районалъул бетIерасул зам. М. ХIасанова, республикаялъул БетIерасул рахъ



кколев ХI. МухIамадзагьидов, районалъул лъай кьеялъул управлениялъул начальник Лабазан МухIамадгIалиев, Шамильхъала поселокалъул школалъул директор Гъазимух1амад ГъазимухIамадов ва цогидалги.

Хадуб букIана концерт. Районалде гьоболлъухъ яч1ун йик1ана Дагъистан Республикаялъул мустах1икъай артистка Хадижат Жамалудинова. Районалъул г1адамаз гьелъул церерахъинал гьираялда къабул гьаруна.

***Нижер мухбир***

## «Нилъер хIоразе – рацIцIадал рагIаллъаби»

### ГIорал-хIорал рацIцIад гьарулеб акция тIобитIана

**28 июлалда кIудияб чIаголъи букIана Рихьуни ГЭСалъул хIорида сверухъ. Гьениб РДялъул тIабигIиял бечелъабазул, экологиялъул министерствалъул ва Унсоколо райадминистрациялъул хIаракаталдалъун тIобитIана ТIолгороссиялъул экологиялъул «Нилъер хIоразе – рацIцIадал рагIаллъаби» экологиялъул акция. Гьенире рахъана гIурумухъ ва рикIкIада ругел росабазулги гIадамал. Акциялда гIахьаллъана районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадов, тIабигIиял бечелъабазул ва экологиялъул Министрасул зам. А. АхIмадов, М. Алхасов, мугIрузулаб секторалъул вакиласул зам. ГI. МухIамаддадаев ва цогидалги ведомствабазул вакилзаби.**





АхIвал-хIалалъул бицунаго А. АхIмадовас тIадчIей гьабуна чороклъибан ва цо-цояз гIоралъарал, хIорил рагIаллъаби чорок гьарулел ругин, гьелъ ГЭСалъул лъим цIунулеб хIоралъе кIудияб зарали гьабулеб бугин. Гьединазе муниципалиял гIуцIияз гIадлу гьабизе ккелинги бихьизабуна гьес.

Къудукь площадкаялдаса бахъараб хIорихъе щвезегIан 3000 мешок гIалагъважаялъул цIуна ва нахъе баччана. Амма гьеб ишалъулъ гIахьаллъичIо цогидал районал, гIицIго Хьаргаби районалъул Къудукь росулъа 30 чияс гIахьаллъи гьабуна акциялъулъ.

Нижер журналистал щвана ГьаракIуни, ХъахIабросдал, Къудукь, росабазул гIадамал, районалъул администрациялъул ва цоги далги учреждениязул х1алт1ухъаби хIалтIулел бакIазде. Гьез киназго рахъ кколеб букIана акциялъул, какулел рукIана общественниял бакIал чорок гьабулел. Хадуб ГIиса НурмухIамадовас баркала кьуна акциялда гIахьаллъаразе ва бихьизабуна гьадинал тадбираз рес кьезе бугин нилъер гIадамазул культурияб рахъ цебет1еялъе ,-абун.

*(Ахир 2 гьумералда)*

## РДялъул бетIерасул «Приоритетниял проектал» тIурай кин унеб бугеб ?

### Цо-цо учреждениял-организациязда хIасилал данде росана

### Спортсменазул жигарчилъи

Республикаялъул БетIерасул «Приоритетниял проектал» гIумруялде рахъинариялъулъ жигараб бутIа лъолеб буго районалъул спортсменаз. Хасго лъикIал хIасилал гьез рихьизаруна мугIрузул зоналъул районазда гьоркьоб, БолъихътIоритIарал къецазда. Гьениб нилъер районалъул ясазул волейболалъул командалъе щвана кIиабилеб бакI. Васазги рихьизаруна лъикIал хIасилал.

Гьединго Генуб ДЮСШалъул гугарухъабаз ккуна лъабабилеб бакI. Футболалъул «Кожаный мяч» командаялъги рихьизаруна лъикIал хIасилал.

### Физкультура ва спорт

Гьеб рахъ цебетIезабиялъеги гIезегIаналго хIалтIаби гьаруна исана районалда. ВатIан цIунулезул къоялъул хIурматалда, районалъул БетIерасул призалъе гIоло I999 соналда гьарурал васазда ва ясазда гьоркьоб гьаруна волейбол хIаялъул къецал. Гьединго къецал тIоритIана ДЮСШялъул командабазда гьоркьобги. Гьел къецазда гIахьаллъана 2I6 чи.

Унеб буго районалъул ТIолгороссиялъул физкультураялъулгун спорталъул «Готовь к труду и обороне» (ГТО) кьеялъул цIалдохъабазда гьоркьоб гьабулеб хIалтIи.

Гьеб тIубазабиялде рахъинарун руго школазул директорал, тIадеги лъай кьеялъул учреждениязул директорал, росабазул бутIрул.

***М. МУХIАМАДОВ.***

*«Спортивный Дагестан» подпроект ва РДялъул БетIерасул «Человеческий капитал» проект тIубазабиялъе жавабияв.*

## ХIалтIи гьечIезе - кумек

Цо къадаралъул хIалтIи гьабулеб буго районалда районалъул гIадамазе хIалтIаби ва социалияб кумек букIинабиялда хурхун.

«Унсоколо район» МОялъул ЦЗНалъ кидагосеб яги заманалъулаб хIалтIуде гьеб гьечIел гIадамал росиялъе тIад чIараб хIалтIи гьабуна. Гьедин январалдаса I июналде щвезегIан батIибатIиял хIалтIабазда лъуна 962 чи.

Гьединго ЦЗНалъ январалдаса I6 июналде щвезегIан хIисабалда лъун руго I002 хIалтIи гьечIев.

**М-Н. НУРМУХIАМАДОВ.**

**Унсоколо районалъул ЦЗНалъул директор.**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
№ 30 (7170)
31 июль 2015 сон

2 гъумер

**Федерациялъул Советалъ къабул гьабуна хIалтIухъабазе лъабго моцIалдаса цIикIкIун заманаялъ харжал кьечIел идараби банкроталлъун лъазариялъул Закон. Законалда рекъон хIалтIухъабазул ихтияр буго арбитражнияб судалде гIарза хъвазе жив хIалтIулеб идара банкротлъун лъазабе,-ян.**



# «Нилъер хIоразе – рацIцIадал рагIаллъаби»



ГIорул рагIаллъабазда чIезабун букIана бакъуца гIадамал унтизаруни «хехаб кумек», бакIарараб гIала-гъважа баччулел машинаби, квен-тIехалъе санагIалъаби. Киса-кибго хIалтIи унеб букIана хIалуцадго.

***Нижер мухбир***

# Хакасиялде ахIулел руго

## ХIалтIизе ине бокьилищ?

Гьаб соналъул ихдал Хакасия республикаялъул рохьазда ккана чIахIияй цIаял, бухIана гIемераб рохь. Гьединго бухIана I4I4 гIадамазул рукъзал, зиян ккана 4098 чиясе, гьединго зарал ккана I0 инженерлъиялъул, 4 социалиял инфраструктуралъул объектазе. Гьедин бугелъул гьабсагIаталда Хакасиялъул республикаялда хIалтIаби гьарулел руго тIабигIиял балагьал лъугIизариялъе, хвезарурал бакIал къачIаялъе ва тIадеги раялъе. ЦIа ккеялдалъун ккараб зарал лъугIизабиялъе Хакасия буго РФялъул Президент В. В. Путинил хъаравуллъиялда гьоркь.

Гьебги х1исабалде босун Хакасия республикаялъул госкомзанятосталъ гIадамал х1алт1уде росулел руго жанир гIадамал чIолел минаби





разе. ГьабсагIаталда гьезие хIажат руго къадахъаби, цIулал устарзаби, бетонщикал, слесарал-сантехникал, кинавниги I000 гIанисев хIалтIухъан.

ХIалтIулезе кьезе бихьизабун буго жанир чIезе рукъзал, квен ва моцIие 25-30 азарго гъурущ.

Ралел бакIазде ине бокьарал рачIине бегьула гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул Централде.

***ГI. МУРТАЗАГIАЛИЕВА.***

# Кумек гьабуни бокьилаан

## Ясли-ахикь кьучI лъола букIинесеб гIелалъул гIумроялъе



**ГIемераб заман гьечIо Унсоколо №2 «Ласточка» ясли-ахикье нухмалъулейлъун МухIамадова ПатIимат ячIаралдаса.**

**Унсоколо № 2 гьоркьохъеб школаги лъикIал къиматазда лъугIизабун ПатIимат цIализе лъугьана МахIачхъалаялъул финансазул колледжалде. 2003 соналда гьеби лъугIизабун цIализе лъугьана юридическияб факультеталде. ГьабсагIаталда гьей заочно цIалулей йиго Дагъистаналъул педагогикияб университеталъул школалда цебесеб факультеталъул лъабабилеб курсалда. Жакъа нижер мухбиралъ гара-чIвари гьабулеб буго П. МухIамадовалъулгун.**

**- ПатIимат, кин бугеб ясли-ахалъул иш. ХIалтIи бачун бажарулеб бугищ?**

- Дие кидаго лъимал рокьулаан. Гьелъго бокьана дие ясли-ахикь хIалтIизе. ГьабсагIаталда абизе бегьула хIалтIуда хадуй гъун йигилан. Лъалареб жо ккани цере хIалтIулел рукIаразулгун данд бала, гьезги дие кидаго кумек гьабула.

**- Ясли-ах чан лъимадуе бихьизабун бугеб?**

- Ясли-ах бихьизабун буго I70 лъимадуе. Гьел лъимал щибаб къойил рачIуна ясли-ахикье. Амма руго жеги улбузул 38 гIанисеб гIарза ясли-ахикье лъимал росе,-ян. Гьелъие нижер гьабсагIаталда ресал гьечIо. Ясли-ахикье рачIунел лъимал рикьун руго ичIго группаялде. Щибаб группаялда воспитателазе ва нянкабазе чIезабун буго кинабго хIалтIи бачиналъе цIорораб ва бухIараб лъим. Группабазда буго канализация, туалетал ва цогидаби хIажалъулебщинаб.

**- Гьаб соналда школалде чан лъимер унеб?**

-Исана ясли-ахикьа школалде уна 24 лъимер. Гьезие занятияя кьолаан гIурус мацIалда. Лъимал руго лъикIаб лъайги, гьабулеб ишалъулъ мухIканлъиги бугел.

**- Ясли-ахикь тIаде гьабураб цIияб корпусалда чан группа бугеб ва кида гьеб х1алт1изе биччараб?**

- Дун заведующаялъул заместительлъун хIалтIизе лъугьун хадуб байбихьана гьеб корпусалъе кьучI лъезе. 2013 соналда ункъго группаялъе бакI бугеб корпус бан лъугIун хIалтIизе биччана. Гьеб буго кинабго рахьалъ санагIалъи бугеб бакI. Буго жиб-жиб группаялъе расандулеб зал, кьижулеб хасаб рукъ, санчастал ва цогидаб хIажалъулебщинабги. Гьеб корпус буго хасало хинаб, риидалин абуни гьогьомараб бакI. Группабазда буго цIияб мебель, бусен-къайи, цIа-рагI ва цогидабги хIажалъулебщинаб.

**-ХIалтIи кин бачунеб, хаслъабазул бицани бокьилаан.**

- ГьанжелъизегIан ясли-ахазул заведующиязулги педагогазулги педагогическияб лъай букIине кколаан, гьанжейин абуни заведующиязул букIине кколеб буго менеджеразул лъай. Педагогическияб лъай букIине кколеб буго заведующиялъул заместителазулги. Нижер киназулго рукIине ккола моцIие гьарурал планал. Гьелда рекъон бачуна лъималазулгун гьабулеб хIалтIи ва лъималазе занятиялги кьола бихьизабураб планалда рекъон.

**- Лъималазе тарбиягун лъай кьеялда лъикI хIалтIулезул бицани бокьилаан.**

- БитIахъе бицани ясли-ахикь тIолалго хIалтIухъаби лъикI хIалтIула. Гьезда гьоркьоса рихьизаричIого гIоларо лъай кьеялда лъикIал хIасилал рихьизарурал подготовительнияб группаялъул воспитателал: Ш. МухIамаева, ГI. ХIасанова, гьоркьохъел саназул группаялъул воспитателал ГI. ХIажимухIамадова, З. ГIабдулаева, А. ХIасанова, С-Х. МухIамадова. Воспитателазул кумекчагIи Р. ГIабдулаева, С. ИсмагIилова, ГI. МухIамадгIалиева, богогьан П. ГIабдурахIманова, М. МухIамадоваги.

**-Квен кьеялъул хаслъаби кинал ругел, кьойида жаниб цо лъимадуе кигIан бихьизабун бугеб?**

- Ясли-ахикь кьойида жаниб ункъго нухалъ кьола квен. Цо лъимадуе кьойида жаниб бихьизабун буго 44 гъурущ. Амма Россиялдаго бугеб кризис нижедаги хъатIичIого хутIулеб гьечIо, гьеб роцен цIунун бажарулеб гьечIо. Ругел ресазда рекъон тIубазабулеб буго гьабсагIаталда кванидалъун лъимал хьезариялъул суал.



*(Ахир 4 гъумералда)*

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 30 (7170)*
*31 июль 2015 сон*

*3 гьумер*

***ГIадамазда гьоркьор гIемер батIи-батIиял унтаби загьирлъун руго ахираб заманалда. ГIемер рагIула аллергия кьолеб бугин, бакI-бакIазда ричIчIуларел унтаби раккулел ругин абулел. ГIемерисеб мехалъ гьеб букIунеб буго нилъеца цадахъ кунебги, гьекъолебги, хьвада-чIвадиги данде ккколеб гьечIеб мехалда. Гьоркьехун нижеца кьолеб буго исламияб диналда рекъон черхалъе данде ккол кколарел жалазул рихьизарият.***



# Унтула кваназеги хьвадизеги лъаларев

## *Гьале доб «ГIумро гьабиялъул сахаб къагIида»*

### *Цадахъ кваназе данде кколарел тIагIамазул баян*

ЦIибил гIакдал нахгун цадахъ кванаялъ черхалъе зарал гьабула. ЦIамгIалаб кванда хадуб бухIараб лъим гьекъей ва пихъ кванан хадуб цIорораб лъим гьекъей, ражиги перги цадахъ кванай кванирукъалъе заралияб буго, гьелъ инсан хвезецин рес буго. Рахьдаде тIаде цIекIаб жо кванаялдасаги цIуне, щайгурелъул, гьелъ рахь бетизабула кванирукъалда жаниб ва кванирукъалъе кIудияб зарал гьабула.

Тохтурзабазул цояс абуна: «Рахьгун цадахъ цIекIаб жо, чIахI-хер ва ччугIа кванаге, гьелъ жузам (проказа) унти ккезабула». ЧчугIа хоногун кванай гIемерал унтабази ккеялъе сабаблъун ккола: барас (тIом чарлъулеб унти), жузам (тIом турун бортулеб унти), нукърус (суставал гьорой), гIусазул унти ва геморрой гIадал. ЧчугIа гIакдал нахгун кваналаро, гьелъ фалиж (паралич) ккезе рес буго.

Гьединго, кIиго тIабигIат релълъарал тIагIамал цадахъ кваналаро, масала, кIиябго бухIи тIабигIат бугел жал: гьанги хоноги гIадаб. Къаси сардилъ гьуинаб лимон кванаялъ берал унтизарула. Сардилъ гIакдал нах гьекъеялъ бецщлъизарула, тIипало (веснушка) базе бегьула. Сардилъ цIорораб лъим гьекъеялда даимлъиялъ берзул канлъи босула, гьединго, цIорораб лъим бетIералде тIеялъги, риидал бугониги. ГIемер ханал кванаялъ къечI унтизабула ва кIодо гьабула.

ХIижамат – фасду (би биччай) гьабун хадуб цIамгIалал жал яги цIамгIалаб ччугIа, гьан кванаялъ хъирис базабула. Цин-цин рахьгун хоно кванаялъги зарал гьабула. Чехь лъама гьабулеб ва бакъвазабулеб, хехго биунеб ва биине бакIаб, бежараб ва белъараб гьан ва ччугIа, бакъвараб гьан гIатIгоябгун, гьан ва рахь, хоно ва ччугIа – гьал киналго цадахъ кванaзе лъикIаб гьечIо. ПиринчIалда хадуб къанцIа гьекъезе, маш редискагун ва гIанкIудал гьангун кванaзе лъикIаб гьечIо. Кванирукъалъе, черхалъе данде кколеб кванай, данде кколареб - те. ГIиял ургьисалаби гIемер кванаялъ кIващул понцIеро хвезабула ва гьенир ругьнал лъугьинарула. ЧчугIа кванан хадуб цIорораб лъеца чвердеялъ фалиж (паралич) ккезабула.

ХIадисалда буго: «Хинаб квен дару ва баракат бугеб буго, бухIараб квен жиндилъ баракат гьечIеб буго»,- абун. БухIараб квен кванаялъ чорхол къуват загIип гьабула ва гьурмал кьер хисизабула. Гьединго, кьойида жаниб кIиго нухалъ гьан кванаялъ ва лъикI чIамичIого кванаялъ рищалаби унтула, гьорола. ГIемер пер кванаялъ (40 къоялъ) гьурмада тIипало бала. Белъараб хоно гIемер кванаялъ хIухьел къварид гьабула. Чечевица (тIипало) ва чIегIергьоло гIемер кванаялъ канлъи загIип гьабула ва рагIи бакIлъула. Кишмиш гIемер кванаялъ пикру роцIинабула ва балгъам (тулеб жо) дагь гьабула. ГIакдал рахьгун гьоцIо кванаялъ хъегIи ва басур (геморрой) инабула.

Аварагаси (с. т. гI. в.) гьукъун буго рахьги ччугIаги, къанцIаги рахьги, хасги (салат-латук) ччугIаги, ражиги перги, бакъварабги цIиябги гьан, цIекIабги бухIулебги, сумакъги (дабагъ гьабулеб хер-сумах) къанцIаги, пиринчIги, гранатги гьарисатги (мугь белъинабураб жо) ва кIиго бухIи тIабигIат, кIиго цIорой тIабигIат бугел тIагIамал цадахъ кванай.

Гьединго, цIунила пахьул цIарагIалда жаниб сордо бараб къанцIа яги гIакдал нах хIалтIизабиялдаса ва лъим бахчичIого сардилъ теялдаса. ХIадисалда буго: «Нужеца цIа-рагI ва лъел хьаба бахче, лъагIалида жаниб цо сордо буго жинда жаниб ракьалде вабаъ рештIунеб, кIалтIу бахчичIеб цIа-рагIалда жаниб гьелдасан цо бутIа рештIуна»,-ян. ГIиял гьанги гIакдал рахьги цадахъ кванани, барас унти ккола. Чакар гIемер кванаялъ берзул канлъи цIикIкIуна. ГIакдал нах гIемер кваналев чи сахлъи цIунаравлъун вукIуна ва загьруял жалазда черх цIунаравлъун вукIуна (хасго нилъер заманалда загьруял химикатал гIемераб). Ибну Масвайгьил (чIахIиял тохтурзабазул цояв) каламалдасан: щив чи вугониги 40 къоялъ пер кванан ва гьурмада тIипало бан, гьес жиндаго гурони гIайиб чIваге; биги биччан хадуб цIамгIалаб жо кванарав, цинги жинда хъирис яги лишай барав чиясги жиндаго гурони гIайиб чIваге; ччугIаги хоногун цадахъ кванан фалиж ккарав яги кIал гьетIарас жиндаго гурони гIайиб чIваге; гIорцIизегIанги кванан хIамамалде лъугьун фалиж ккарав чиясги жиндаго гурони гIайиб чIваге.



Гьединго, гьеб бакъазда унти ккеялъе сабабги буго. Къаси вегилалде лимонги кванан берazда унти ккарас (берал гьетIи гIадаб) жиндаго гурони гIайиб чIваге. ЦIорорал ва релъарал ханал чехь цIезегIан кванан асмаялъ унтарасги жиндаго гурони гIайиб чIваге. Макьилъги гуккун чвердечIого чIужуяда аскIове арав чиясги, цинги жиндие гIакълу гьечIеб лъимер гьабуни, жиндаго гурони гIайиб чIваге. Сардилъ матIуялъуве валагьун кIал гьетIи (унти) лъугьарав чиясги, жиндаго гурони гIайиб чIваге. (Аттагъзияту филь ислам). Рехсарал жал цадахъ хIалтIизарулел ругони, рехсарал унтаби ккеялде хIинкъи буго. Гьединлъидал, гьелдаса цIунизе хIаракат бахъе.

### *Вагъа-вачари*

Щибаб кварaб квандаса кигIан дагьаб букIаниги къадар заралияб жоялъул хутIула кванирукъалда жаниб. Цо хасал гIужаз вагъа-вачари гьабичIого рес гьечIо, гьел заралиял жал кванирукъалда данделъун чIечIого къватIире рачIинелъун. Гьенир гьел хутIиялъулъ кIудияб зарал буго. Гьединлъидал, гьоркьохъеб къагIидаялъ вагъа-вачари (спорт) сахлъи цIуниялъе бищун лъикIал сабабаздасан буго. Щайгурелъул,



гьелъ лугби хинлъизарула, заралиял жал къватIире инарула ва черхалъе тIадагьлъи щола. Гьелъул гIужги кванирукъалдаса тIагIам биун г1одобе биччараб заман буго. Гьелъие къадарги (квен биналъе) 5-6 сагIат букIуна. Гьоркьохъеблъун ккола – тIом багIарлъун гIетI кIанцIизе байбихьизегIан рагъа-рачари гьаби, цинги къотIизе тела. ГIемер гIетI чвахизегIан гьаби гIорхъа ин ккола, гьеб бецщараб гьечIо. Кинаб лага цIикIкIун багъаризе гьабуниги, гьелъул къуват цIикIкIуна. Гьелдаго рекъон букIуна батIияб рахьги, масала, хIивз (память), пагьму цIикIкинабизе бокьани гьеб хIалтIизабизе ккола, рекъехъе жал лъазарун, зикру-пикру гIемер гьабун. Гьединго каранзуй гIемер цIалдей лъикIаб буго, гьебги цин дагьаб гьаркьидалъун байбихьила, цинги дагь-дагькккун борхизабила. Беразе зарядка гIисинаб хатI цIалиялдалъун гьабила. Чода рекIин кинабго черхалъе риязат (спорт) буго. Аварагасги нилъ гьелде аxIулел руго. ХIадисалда буго: «Нужеца гьазават гьабе, нужее гьанима щвела, нужеца сапар гьабе, нуж сахлъила»,-ян. (Сапаралда жаниб черхалъе риязат буго).

### *Макьуялъул тадбир*

Сахлъи цIуниялъе сабабаздасан ккола макьуялъул тадбир гьабиги. Щайгурелъул, тIубанго кьижичIого чIеялъулъ, гIемер кьижиялъулъго гIадин зарал буго. Гьединлъидал, гьелъул тадбир ва къагIида цIунизе ккола. ТIадегIанав Аллагьас къо бижун буго, инсанасе гьелдасан пайда босун магIишат тIалаб гьабизе, сордо бижун буго хIалхьи гьабизе ва кьижизе. Жакъа гIемерисез гьелъул гIаксалда гьабула ва Аллагьас лъураб низам хвезабула. Гьелдеги кантIизе ккола.

Кьижизе бищун лъикIаб буго кванирукъалдаса квен биун хадуб, ай кванан вахъиндал кьижиларо. (АхIкаму набавият) хIадисалда буго: «Нужеца квен биинабе Аллагь рехсеялдалъун ва какал раялдалъун. Кваназеги кванан кьижуге, гьелъ нужер ракIал рищцалъула»,-ян. Вегилалде туалеталде ине лъикIаб буго. Афлатон абулев тохтурас хьвалеб буго: «Кьижилалде туалеталде унев чиясе жиндир черхалъул сураталъул берцинлъи даимлъула»,-ян. Гьединго вегилалде кверал чурила. ХIадисалда буго: «Нужер цояс сордо рогьани квераздa гьанал асарги хутIун, цинги жиндие зарал ккани, гьес жиндаго гурони гIайиб чIваге»,-ян.

Кванан хадуб 40 гали тIамичIого кьижугейиланги буго. Вегизеги байбихьизе лъикIаб буго кварaнаб хьибалалда, КъилбаялдеГи вуссун. Аварагги гьедин ве-гулаанин буго хIадисалда. Гьедин веги медицинаялдаги рекьола. Масала, кварaнаб хьибалалда вегидал, квен кванирукъалда жаниб берцинго чIола, щайгурелъул, кванирукъ кварaнаб рахъалде гьетIараб букIун. Хадуб дагьаб заманалдасан квегIаб хьибилалде вегила, квен хехго биуна тIул кванирукъалдехун гьетIиялъ. Хадубги, кварaнаб рахъалде сверила, квен хехго къватIибе ине. Къад кьижи заралияб буго, гьелъ гьурмал кьер хисизабу ла, кIвахIаллъи ва унтаби тIаде цIала. Гьединлъидал гьелдаса цIунизе рекъола, бакъ бухIулеб гIужалъ, ай къалъилалде цебе хутIун. Къалъилалде цебе кьижиялда абула къаюлат, гьебги суннатаб буго. ХIадисалда буго: «Нужеца къайлулат гьабе, ай къад кьижа хIакълъунго, щайтIаналъ гьеб гьабуларо»,-ян. Цогидаб хIадисалда буго: «Къаси сардилъ рахьиналъе кумекалъе нужеца къайлулат гьабе»,-ян. ХIадисалда буго цо чи вачIанила аварагасухъе (с. т. тI. в.) ва абунила: «я Бичасул авараг, жагьилаб заманалда, ай ислам босизегIан цебе, дун вукIана цIодоравлъун, исламалде вачIун хадуб дида дунго лъалев гьечIо, ай цIодорлъи гьечIо. Аварагас(с. т. тI. в.) абуна, мун къад кьижулаанищилан? Кьижулаанин жаваб гьабуна: «Мун къаде кьижиялде вусса»,-ян абуна аварагас. Рогьалил какда хадуб бакъ баккизегIан кьижиялъ ризкъи нахъ чIвалиланги буго хIадисалда. Бащдаб къаркъала бакъукь бащдаб рагIдукь кьижизе ва гIодов чIезе карагьатаб буго. Гьелдаса аварагас (с. т. гI. в.) нагьи гьабунила, ай гьелдасан гьукъанила. Жабирица бицараб хIадис буго.

Бакъанил какдаса хадуб кьижиги карагьат буго. ГIайшатица ( р. гI.) бицана: «Бакъанил какдаса хадубги кьижун, жиндир гIакълу арав чияс жиндаго гурони гIайиб гьабуге»,-ян. Боголил какда цебе кьижизеги бокьулароан – карагьатаб буго. Амма, гIелму цIали, зикру бачин, хьизангун кIалъай карагьатаб гьечIо. КIалагъоркье кьижизеги лъикIаб гьечIо, хасго бихьиназе. Макьу бачIиндал, гьеб нахъчIваларо, макьу бачIунеб гьечIони, тIадеги цIаларо. ТIуванго сардилъ кьижунгутIиги лъикIаб гьечIо, гьелъ черх загIип гьабула, гIадал нахалъе зарал гьабула, кIвар, тирилъи инабула. (Тасгьилул манафигI). Радал кьижун ватидал ибну ГIаббасица (р. гI.) жиндирго васасда абун буго: «Мун вахъа, Аллагьас дур берал кьижизе гьаругеяв, ризкъи бикьулев гIужалдайищ мун кьижулев?». Дуда лъаларищ къад кьижи лъабго бутIаялда букIунеблъи: хулукъ – берцинаб тIабигIат, хурукъ – лъалареб жо гьаби ва хIумукъ – ахIмакъасул пиша. ТIоцебесеб, хулукъ – ккола къад кьижи (къайлулат), пиша – гьеб буго Бичасул аварагасул тIабигIат. КIиабилеб, радал кьижи, дунялалъул ва ахираталъул ишаздаса машгъул гьавулеб. АхIмакъасул кьижи абуни ккола, бакъанил какда хадуб кьижи»,-ян. ХIадисалда буго радал кьижиялъ ризкъи нахъ чIвалилан. ТIибалъул гIалимзабаз абуна гьеб кьижи, ай заралияб радал кьижи ккколила макьидаса ворчIун хадуб, вахъинеги вахъун туалеталдеги инчIого, вагъа-вачариги гьабичIого ва кваначIого тIад вуссун кьижи. Гьеб сахлъиялъе цIакъ заралияб буго.

***ХIабиб-хIажи МУХIАМАДОВ.***

# Кумек гьабуни бокьилаан



**- ХIалтIухъабазе заманалда харжал щолел ругищ?**

- Руго. Июналъулги нижее харжал щвана. Педагогазе харжазе кьезе гIарац буго, амма отпуск босараб мехалда отпускалъул ва гьезул бакIалда хIалтIаразе кьезе гIарац гьечIо, бюджет гIолеб гьечIолъиялъ. Гьединго нижер коллективалъул, ай техперсоналалъул анлъго хIалтIухъан вачун вуго бак1алъулаб бюджеталде, гьезие харжазе гIарац кватIун гурони щолеб гьечIо, хьезари гьечIого.

**- ПатIимат, продуктабазул рахъалъ кин ругел нуж? Щолищ лъималазе калорийнияб квен?**

- Щола. Заманалда рекъон ниж кутакалдла лъикI руго. Жакъа къоялде щвезегIан нижер гьаниб гьан ва гьанал гьабураб квен камураб заман букIинч1о ва щибаб къойил менюялдаги батIи-батIиял квенал рукIуна. Ясли-ахикь чIезарун руго квание хIажалъулел цогидалги продуктаби: овощал, пихъал ва цогидабги. Амма нижеца къватIиб пачалихъаздаса рачIунел пихъал росуларо.

**- Лъималазул эбел-эменгун бухьен кквей кинаб бугеб?**

- ГIуцIун буго умумазул комитет. Гьез лъикIаб хIалтIиги гьабулеб буго. Умумазулгун гьарула гара-чIвариял, ахIула собраниял, кинаб кумек нижее хIажалъаниги гьез нижее кумек гьабула ва тIадкъараб хIалтIиги ракI бацIцIадго тIубазабула.

**- Нужер хIалтIулъ хIажалъи сундулъ бугеб?**

- Нижер хутIарал группабазда ремонт гьабиялъе смета хIадурун буго. Бокьун букIана гьеб рагIалде бахъинабизе, гьеб гьабиялъе гьечIо гIарац. ГIураб къадаралда питаниялъе продуктаби росиялъе-цин гIарац гIолеб гьечIо.

Гьединго дие бокьун букIана ясли-ахалъул территориялда, заманги лъикIаб гьечIелъул, видеонаблюдение, азбаралда лъималазе спортивниял инвентарал лъезе. Унтараб суаллъун буго нижер ясли-ахикь музыкалиябгун спортивияб зал гьечIолъи. Гьелдаго цадахъ бокьун буго цIияб кухня ва оборудование босизе. Бокьилаан бачIунеб соналъгIаги гьединал ишазе нижее кумек гьабуни гьеб тIаде кколел идарабаз.

**Гара-чIвари хъвана ГI. МУХIАМАДОВАЛЪ.**

# Лъимал ва туберкулез

*Унтани эбел-инсул гIайиб*

КигIанго бокьичIониги лъималги унтизе рес буго туберкулезалъ. Лъимал туберкулезалъ унти эбел-инсул гIайиблъун рикIкIуна. Гьезда лъазе ккола туберкулез бахунеб унти букIин. Унтарасда аскIоб букIани лъимер бигьаго унтизе рес буго. Рокьов унтарав чи вугони лъимал гьесдаса ратIа гьаризе ккола. Гьел кьезе ккола санаториялде, хасал садиказде. Щибаб лъагIалие лъималазул хал гьабизе ккола проба манту ги лъун. Манту лъеялъе гIиллаги буго бидулъ туберкулезалъул микроб бугищали хал гьаби. Нагагьлъун унти батани гьезие профилактикияб лечение гьабизе ккола. Гьедин щибаб лъагIа-лъагIалие гьабуни ва чIахIиязги гIисиназги жаваб-



чилъи борхизабуни, нилъее рес буго туберкулезалъул унти дагь гьабизе.

**ГI. МУХIАМАДХАНОВА. Физиатр.**

## *Разъяснения ОУФМС Унцукульского района по предоставлению государственной услуги по выдаче, замене паспортов гражданина РФ*

***Исчерпывающий перечень документов, необходимых в соответствии с нормативными правовыми актами для предоставления государственной услуги по выдаче, замене паспортов гражданина Российской Федерации***

1. Заявление о выдаче (замене) паспорта по форме N 1П, заверенное печатью администрации.

2. Свидетельство о рождении.

В случае отсутствия у гражданина свидетельства о рождении ему рекомендуется обратиться в орган ЗАГС на территории Российской Федерации по месту регистрации рождения или по месту жительства для получения повторного свидетельства о рождении.

3. личные фотографии (идентичные и соответствующие возрасту заявителя на момент подачи заявления о выдаче (замене) паспорта) в черно-белом или цветном исполнении размером 35 х 45 мм с четким изображением лица строго в анфас без головного убора. Размер изображения овала лица на фотографии должен занимать не менее 70 - 80 процентов вертикального размера снимка. Размер изображения головы на фотографии должен составлять в высоту от 30 до 32 мм, в ширину от 18 до 22 мм. Изображение на фотографии размещается таким образом, чтобы свободное верхнее поле над головой составляло 5 ( +-1) мм.

Допускается представление фотографий в головных уборах, не скрывающих овал лица, гражданами, религиозные убеждения которых не позволяют показываться перед посторонними лицами без головных уборов. Изображение лица на фотографии должно быть в фокусе от кончика подбородка до линии волос и от носа до ушей.

Для граждан, постоянно носящих очки, обязательно фотографирование в очках. При этом на фотографии должны быть отчетливо видны глаза.

При обмене (20, 45л.) паспорта дополнительно представляют паспорт, подлежащей замене, а при утерии паспорта справку с места регистрации с указанием даты прописки.

При первичном получении паспорта по достижении возраста 14 лет необходимо предоставить паспорта родителей и справку со школы с заверенной фотографией.

Документы, необходимые для проставления обязательных отметок в паспорте:

- свидетельство о заключении брака, свидетельство о расторжении брака (при наличии указанного факта);

-документы, подтверждающие регистрацию по месту жительства (при наличии регистрации по месту жительства).

***М. МАГОМЕДОВ. Начальник ОУФМС Унцукульского района***

*Врачасул хIакъалъулъ рагIи*

# *ХIажаталъуй ятулей*

Заман щвезе гIезегIан къоял рук1аго лъимаде йигей нижер яс МадихIат квешго лъугьун хехгого хъамуна 20 июналда районалъулаб больницаялде. Гьений ятараб дежурнияй сестраялъ унтаралъул бугеб хIалги бихьун, хехаб куцалда ахIана гьенире гинеколог-акушер Мутаева Аминат бет1ерай врач Г1. МухIамадова, хирургал Р. ва ХI. ХIамзатовал ва цогидалги специалистал. Гьез хехаб куцалъ кесерево операция гьабуна дир ясалъе. Чанго сагIаталъ халат бахъана гьеб. ГIумро хвасар гьабуна эбелалъулги васасулги.

ИчIго-анцIго къоялдасан сахлъун рокъое йиччан дир ясги лъимерги. Гьей йикIана гьодил ункъго бакIалда грижа бугей гIадан.

Бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала кьезе нижер ясалъул гьабураб тIалаб-агъазалъухъ бетIералда ГIайшат МухIамадовалъегун тIолабго райбольницаялъул коллективалъе, хасго Аминат Мутаевалъе, хирургал ХIамзат ва Рустан ХIамзатовазе, операциялъул ва хирургиялъул сестрабазе, санитаркабазе ва киналго медицинаялъул хIалтIухъабазе. Аллагьас аза-азар даражаялде бахинабеги гьез багъарараб квер, гьез гьабураб тIалаб-агъаз. Больницаялдаса рокъое йиччан хадубги чанго нухалда кIалъан ячIана Аминат ясалъулги лъимадулги бугеб хIал цIехон. Дица больницаялъул тIолабго коллективалъе рекIел гъварилъудасан баркалаги кьолаго щибаб къоялъго гьезие дугIа гьабула, гьел унтарал сах гьаризе чIаго таги,-ян. Дида бихьана гьезул коллектив кутакалда намус-яхI бугел, гIаданлъиги цIикIкIарал, унтаразе гIоло хвезегицин хIадурал гIадамал рукIин.

Цойги нухалда баркала, нужее, нижер хириял медикал!

***Асият ГIУМАРОВА. ГIашилтIа росу.***

## ОБЪЯВЛЕНИЯ

Утерян свидетельство о государственной регистрации право на квартиру в пос. Шамилькала на имя жительницы с. Унцукуль, Унцукульского района Гамзатова Написат Гамзатовны, дом 21 «а», кв. 13-14, паспорт серии 8203 № 367049, выданный 24. 05. 2005 г. УФМС России в Унцукульском районе, регистрационный номер: 05-05-02/002/2011-378

С сегодняшнего дня свидетельство о регистрации право на квартиру считать недействительным.

* * *

ОУФМС Унцукульского района информирует о необходимости подачи гражданином Российской Федерации или законным представителем уведомления о наличии иного гражданства либо вида на жительства или иного действительного документа, подтверждающего право на постоянное проживание в иностранном государстве.

**ЛЪАЗАБИ**

20I2 соналъул 25 июналда Унсоколо № I гьоркьохъеб школалъ ГIабдурахIманова ПатIимат ХIусеновналъул цIаралда кьураб 05 БВ сериялъул 0I02467 номералъул аслияб г1аммаб лъаялъул аттестат билун буго. Гьеб гьанжеялдаса нахъе хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго райцентралъул № 2 ясли-ахалъул воспитательница **Хадижат** хвеялда бан, гьелъул ясазда, васасда, росасда ва тIолабго гIагарлъиялда. Аллагьас алжан къачIазе арай ятаги гьей.

Районалъул лъай кьеялъул управлениялъул ва профсоюзалъул комитеталъул тIолалго хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго райцентралъул № 2 «Ласточка» ясли-ахалъул воспитательница **ГIабдулхаликъова Хадижат** къокъидго унтиги чIван, хвеялда бан гьелъул лъималазда, рсасда ва тIолабго гIагарлъиялда.

Аллагьас гьелъие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе халатаб гIумроги кьеги.

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции: 51373 Унцукульский район с. Унцукуль ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора 55-63-07**

**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя: г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать -30 .7. 15 г. 15. 10 фактически -18.30 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1500 экз.